

Anons Lamès yo

Venn-twazyèm Dimanch nan Tan Òdinè

4/5 Septanm

Chak Septanm, nou mete tèt nou ansanm pou sipòte tout prèt ki an règ ki bati kominote ki pi solid pou tout moun, ke seswa andedan oubyen andeyò limit pawas nou yo. Lè ou sipòte koleksyon pou Clergy Trust (Fon Klèje) k ap vini an, ou ka montre apresyasyon ak sipò ou pou prèt yo ki te fè epi kontinye fè yon diferans nan lavi ou, lavi pawas nou yo, ak lavi anpil lòt moun nan kominote nou an. Gade bilten semèn sa a pou fason ou kapab fè kado w la nan koleksyon jodi a, osi byen ke enfòmasyon sou kòman pou w enskri pou evènman an vityèl Selebrasyon Prètriz k ap vini an li ap fèt Madi apre koleksyon an.

Venn-katryèm Dimanch nan Tan Òdinè

11/12 Septanm

Semèn pwochèn, nou pral gen yon koleksyon espesyal pou benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) ki pran swen sante ak byennèt tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ. Kesewa nan kominote pawas nou yo oswa nan kominote a an jeneral, prèt nou yo ap fè yon diferans chak jou. Bilten semèn sa a gen ladann fason ou ka fè kado w la kounye a epi enskri tou pou evènman vityèl Selebrasyon Prètriz k ap vini an ki pral fèt le 21.

Venn-senkyèm Dimanch nan Tan Òdinè /Fen sèmèn Koleksyon

18/19 Septanm

Dezyèm koleksyon jodi a pral benefisye Clergy Trust (Fon Klèje) ki bay pwogram ak sipò pou pran swen sante ak byennèt tout ansyen prèt dyosèz aktif yo ki an règ. Koleksyon sa a se yon sous kritik nan finansman Trust la (Fon an) kidonk tou sa ou ka bay apresye anpil. Nan pwòp non pa mwen ansanm ak prèt frè m yo ki benefisye de sipò Clergy Trust (Fon Klèje), mèsi pou jenewozite w. Pa bliye vin jwenn nou nan madi swa pou Selebrasyon Prètriz vityèl la. Si ou poko enskri, tcheke bilten semèn sa a pou plis enfòmasyon. Mèsi ankò pou sipò w a prèt yo nan mwa septanm as a.

LAPRIYÈ FIDÈL YO POU LAMÈS FEN SEMÈN KOLEKSYON SÈLMAN:

Pou tout prèt aktif ak aje nou yo ki an règ ki te dedye lavi yo nan sèvi lòt moun san pran souf. Ke yo kapab kontinye ranfòse kominote nou yo atravè ministè pa yo epi pote prezans Kris la bay tout lòt sa yo ke yo rankontre.

Venn-sizyèm Dimanch nan Tan Òdinè

25/26 Septanm

Nan pwòp non pa mwen ansanm ak prèt frè m yo, nou di ou mèsi pou sipò ou a koleksyon espesyal dènye fen semèn Clergy Trust (Fon Klèje). Si ou pa t kapab fè yon donasyon semèn pase a, men ou ta toujou renmen kontribye, tanpri gade bilten an pou fason ou ka fè kado w la. Epitou, si ou rate evènman vityèl Selebrasyon Prètriz la, Mwen ankouraje w vizite sit entènèt Clergy Trust (Fon Klèje) kote ou ka jwenn anrejistremman an dirèk la. Se te yon evènman ki enspire epi ki bay espwa epi li vo 40 minit yo li pran pou gade li. Mèsi ankò pou sipò ou a Clergy Trust (Fon Klèje).